


City View

ETE 2023



Yon Apèsi nan Inisyativ Meri a pou Ane Fiskal 2024 lan

Angajman Cambridge nan kesyon Lojman Bon Mache: Konsève ak Kreye Kominote ki Dirab



52 New Street. Yo espere pou konstriksyon 107 lojman bon mache pou lwe yo kòmanse byento.

Yon Solisyon Global pou Lite Kont Kriz Lojman

Lojman bon mache rete yon gwo priyorite pou Meri Cambridge lan ansanm ak rezidan nou yo. Akòz pri lojman yo ap monte an flèch, Meri a te fè gwo jefò pou rezoud pwoblèm ijan sa a. Pandan l ap debloke finansman enpòtan epi pandan l ap aplike estrateji modèn, Cambridge gen pou objektif konsève lojman bon mache ki deja egziste yo epi kreye nouvo opòtinite lojman. Ann rantr nan detay teknik inisyativ, patenarya, ak planifikasyon pou lavni Meri a genyen yo.

Repatisyon Finansman pou Lojman Bon Mache

Pandan ane fiskal k ap vini an la, Meri Cambridge lan pral envesti plis pase \$46.3 milyon nan lojman bon mache, kote ap genyen yon bon pati k ap konsakre pou Fidisi Lojman Bon Mache (Affordable Housing Trust). Depi 1992, angajman Meri a pran pou bay lojman bon mache depase \$317 milyon. Finansman sa yo te fasilite pou konsève ak kreye plis pase 3,700 lojman bon mache. Fas ak pwoblèm ijan ki genyen an, Cambridge swete lite kont pri lojman ki wo pandan l ap itilize zouti planifikasyon zòn yo, pandan l ap pwopoze lojman pou lwe a bon mache, epi bay yon sipò konplè ak moun ki gen pwòje achte kay yo.

Kontinye nan Paj 2

Mesaj Responsab Meri a



Pandan m ap reflechi sou nèf (9) premye mwa sèvis mwen nan Meri ekstraòdinè sa a, mwen kontan pou opòtinite mwen genyen pou mwen kolabore ansanm ak Konsèy Minisipal lan, dirijan Minisipal devwe nou genyen yo, ansanm ak rezidan pasyone ki toujou ap fè jefò pou rann Vil nou an yon kote ki plis agreyab pou tout moun.

Premye (1) me mwen te soumèt premye bidjè mwen an bay Konsèy Minisipal la ansanm ak komite a, yon dokiman ki rezime jefò, aspirasyon ak angajman kolektif nou yo pou nou kontinye bay bon sèvis.

Pwosis bidjè a se kat (4) valè fondamantal ki te gide li: konfòmite ak priyorite Konsèy la genyen yo, establiite finasyè, transparans, ak inovasyon. Yo te elabore bidjè ANE FISKAL 2024 pou Meri nou an pandan y ap panse ak bezwen, valè ak priyorite rezidan nou yo.

Premyèmman, mwen kwè anpil nan estrikti gouvènans nou genyen an ki fè nou pran desizyon sou baz konsansis atravè kò reprezantan nou genyen ki eli yo. Reyinyon chak semèn Konsèy Minisipal lan, dekrè aplikasyon ak konvèsasyon regilye ansanm ak Konseye yo gide sou gwo priyorite ak kòmantè sou inisyativ ki deja egziste ak aktivite sèvis yo. Bidjè sa a se rezilta deba kolektif sa yo nan Meri a, Konsèy la ak kominote a.

Dezyèmman, bidjè sa a konsève establiite ak fòs Meri a. Etandone nou kontinye bay sèvis ki gen gwo kalite, envesti nan enfastrikri enpòtan yo, epi sipòte inisyativ enpòtan nan kominote a, nou pran angajman pou nou jere resous nou yo.

Kontinye nan Paj 2




Inisyativ Devlopman Dirab Cambridge
Paj 4-5



Elaji Aksè pou Pwogram Preskolè ak Apre Klas ki gen Kalite
Paj 6



Antirasis, Egalite, ak Entegrasyon
Paj 8



Pwen fò sityasyon sa a ki tradui nan plizyè lang.
Paj 9- 15

Ogmante Kapasite Pwodiksyon Lojman Bon Mache

Pandan l ap itilize fon ki nan Affordable Housing Trust, Cambridge ap devlope kapasite li gen pou ofri lojman bon mache yo san kanpe. Aplikasyon Odonans Planifikasyon Zòn pou Lojman Bon Mache (Affordable Housing Overlay, AHO) ki te adopte nan Ane Fiskal 2021 an te jwenn yon wòl enpòtan nan lansman pwojè lojman bon mache yo. Aktyèlman, genyen 62 lojman AHO k ap konstui, pandan genyen twa (3) lòt pwojè, ki totalize plis pase 430 lojman, ki te fini ak pwosedi revizyon AHO an epi ki pare. Jefò sa yo reprezante yon etap enpòtan pou reponn ak demann lojman bon mache ki pa sispann ogmante nan Vil lan.

Ankouraje Lojman Sosyal

Cambridge ensiste sou entegrasyon epi Meri a ap travay nan tèt kole ansanm ak pwopriyete bilding ak responsab yo pou amelyore eksperyans rezidan lojman sosyal yo. Rezilta etid plizyè ane yo sou Eksperyans Rezidan yo nan kesyon Entegrasyon ak Prejije nan Lojman Sosyal yo pral gide aksyon Meri a ap pran pou kreye kominote ki plis djanm, epi ki plis soude.



116 Norfolk Street. Y ap konstui 62 lojman sosyal pou lwe ki gen sèvis sipò sou plas pou rezidan ki gen revni fèb yo.

Ane fiskal ki sot pase a, plis pase 100 nouvo lojman sosyal pou lwe te fini epi yo te analize plan pou plis pase 100 nouvo lojman sosyal. Cambridge pran angajman pou li asire lojman sosyal yo rete aksesib ak tout rezidan yo. Avèk plis pase 150 lojman k ap konstui, nouvo lojman sosyal yo pral kontinye disponib pou rezidan yo ane pwochèn. Plis pase 675 aplikan te abite nan lojman sosyal ki pou lwe yo pandan 5 dènye ane yo, epi plis pase 1,200 rezidan amenaje nan lojman sosyal ki pou lwe yo pandan dis (10) dènye ane yo.

Ankouraje Tit Pwopriyete A Bon Mache

Cambridge konprann enpòtans tit pwopriyete a bon mache a genyen epi ofri sipò konplè ak moun ki gen anvniachte kay yo. Pandan ane fiskal ki sot pase la, plis pase 500 patisipan te patisipe nan atelye gratis Meri a te òganize nan kesyon tit pwopriyete, epitou plizyè te benefisye sèvis konsèy gratis nan kesyon tit pwopriyete. Pwogram HomeBridge lan, ki benefisye yon angajman \$6 milyon nan men Affordable Housing Trust, ede fanmi yo touche jiska 120% revni mwayen reyjon an genyen. Pwogram lan ofri jiska 50% nan pri w ap achte kay lan, alò ki vin tounen yon eleman pèmanan nan patrimwàn lojman bon mache Meri a genyen. Epitou Cambridge sipèvize plis pase 550 lojman bon mache, pou asire l yo aksesib pou pou lòt achte atravè pwogram pou revann Meri a pou vin pwopriyete. Anplis, pandan ane sa am yo pral òganize yon tiraj pou kat (4) nouvo lojman sosyal. Pandan dis (10) dènye ane yo la, plis pase 155 rezidan te achte yon lojman bon mache Meri a te sibvansyone nan Cambridge.

Transparans se twazyèm valè debaz nou genyen. Fason nou depanse lajan nou demontre priyorite nou genyen ak valè nou yo antanpe yon kominote. Yon eleman enpòtan nan pwosesis bidjè sa a se transparans ak Konsèy lan ansanm ak kominote nou an. Nan kad sa a, bidjè anyèl nou an genyen enfòmasyon konplè sou depans, done sou pèfòmans, ak plan investisman alontèm.

Pou fini, Meri Cambridge lan mize sou inovasyon, dinamis, ak enèji. Bidjè sa a temwanyen volonte nou pou aksepte chanjman, envesti nan dirijan Meri yo, epi ankouraje yon pwosesis ki fè plis entegrasyon ak Konsèy lan.

Bidjè Fonksyonman Ane Fiskal 2024 lan ki defini fason Meri a pral finanse pwogram yo ant jiyè 2023 ak jen 2024, prevwa yon montan \$883.8 milyon, ki reprezante yon ogmantasyon \$82.3 milyon pa rapò ak ane ki pase a. Sepandan, \$24.6 milyon nan ogmantasyon sa a se akòz yon chanjman nan kontabilite ki lye ak finansman Affordable Housing Trust lan. Si nou retire chanjman sa a, bidjè a te genyen yon ogmantasyon \$57.7 milyon, oswa 7.2% nan Bidjè Ane Fiskal 2023 yo te Adopte a.

Pou ranfòse transparans ak angajman, ane sa nou te modifiye pwosesis bidjè a an kolaborasyon ak Manm Prezidans Komite Konsèy Finans Meri yo. Yo te òganize de (2) lòt odyans piblik ak reyinyon Komite Finans pou analize eleman patikilye nan bidjè a epi entegre kòm atè yo. Angajman nou se pou amelyore pwosesis sa a garanti yon kontribisyon ranfòse Konsèy lan ak Kominote a.

Finalman, mwen vle ensiste sou pwogram bidjè sa a k ap temwanyen sou jefò kolektif ansanm ak anbasyon nou genyen pou Vil Cambridge lan.

Mwen vrèman rekonesan pou Konsèy Minisipal lan pou lidèchip ak kolaborasyon yo, epi dirijan Meri a ansanm ak manm estaf lan ki te konsakre plizyè èdtan travay nan pwosesis bidjè a. Mwen kontan travay ansanm pou bati yon vil ki plis solid, ki gen plis egalite, epi ki plis pwospè pou tout moun.

Sensèman,
Yi-An Huang
Direktè Minisipal



Lojman Piblik Federal Jefferson Park. Administrasyon Lojman Cambridge (Cambridge Housing Authority) dwe kòmansè renovasyon/konstriksyon 175 lojman nan pwojè devlopman sa a ki nan Nò Cambridge pou kontinye bay lojman bon mache endispansab pral rete fyab sou plan finansyè ak ekonomikman.

Sipòte Kominote Sanzabri a

Cambridge pran angajman pou li sipòte moun ki genyen pwoblèm kay yo pandan l ap konsakre gwo lajan pou ranfòse kapasite kabann nan sant ebèjman (chèlètè) yo. Yon gwo egzanp se dènye angajman \$1.1 milyon finansman pou fonksyonman epi pou kenbeabri Ame Di Sali a ki gen 35 kabann ak sant lajounen louvri pandan finansman eta a te fini. Anplis, Meri a te debloke yon anvlop \$1.7 milyon ki sòti nan Plan Sovtaj Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) ak nan finansman Minisipal yo pou kenbe sèvis Sant Byennèt Tranzisyon (Transition Wellness Center), yon chèlètè pwovizwa nan ka ijans ki gen 58 kabann.

Sant akèy chèlètè Ame Di Sali pou lajounen an ap akeyi yon klinik Swen Sante Cambridge Health Alliance pou Sanzabri yo ansanm ak sèvis pou bay manje chak jou. Anplis, Meri a sipòte yon Sant Chofaj pandan sezon lè a ki bay chèlètè pou lannuit ki gen sekirite, a ba pri pandan mwa ki fè plis frèt yo. Epiou Meri a pral finanse sèvis douch Premye Legliz Cambridge (First Church Cambridge) lan, yon sèvis enpòtan yo te mete anplas pandan ijan sante a.

Travay enpòtan Meri a nan kesyon sipò planifikasyon ak sèvis pou moun ki genyen pwoblèm sanzabri ak enstabilite nan kesyon lojman pral ranfòse ane k ap vini a pandan y ap kreye nouvo pòs direksyon nan Depatman Pwogram Sèvis Sosyal yo Nan ane fiskal k ap vini an, Meri a ap depanse plis pase \$15.8 milyon nan kesyon lit kont sanzabri ak enstabilite lojman.

Pwogram Bon Lojman nan Ka Ijans: Yon Èd pou Viv nan Moman Difisil

Depatman Pwogram Sèvis Sosyal Cambridge yo, ansanm ak Biwo Kowòdinasyon pou Lojman, Direksyon Lojman Cambridge, Lojman Tranzisyon, ansanm ak Cambridge Continuum of Care, te fè yon patenarya ki solid pou itilize Bon Lojman nan Ka Ijans (Emergency Housing Vouchers, EHV) ARPA te finanse. Bon sa yo gen pou objektif pou bay yon gwo èd ak moun epi fanmi ki genyen difikilte kay yo, ki gen risk pou tounen sanzabri, k ap kouri pou vyolans domestik, ki fenk pèdi kay yo, oswa ki genyen gwo difikilte pou jwenn kay. Ansanm ak finansman ARPA, genyen gwo envestisman ki te fèt nan kesyon manm estaf ki la pou fè oryantasyon ak estabilizasyon lojman, pou garanti yon sipò global.

Nan mwa mas 2023 an, plis pase 100 fanmi te reyisi jwenn lojman atravè pwogram EHV lan. Meri a, konnen bezwen pèmanan yo li pral kontinye debloke fon pou sèvis oryantasyon lojman, sèvis estabilizasyon yo, ansanm ak lòt bon lojman. Jefò sa yo reprezante yon èd enpòtan pou moun ki nan kriz yo, k ap ede yo jwenn lojman estab epi pandan y ap ankouraje yon santiman sekirite ak enstabilite nan kominote a.

Biwo Kowòdinasyon Lojman an: Ranfòse Endepandan Rezidan yo ak Sipò Endiviyèl

Nan sa ki konsène sityasyon an k ap vin plis konplike chak jou pou moun yo refere nan Biwo Kowòdinasyon Lojman an (Housing Liaison, OHL), yo pral ajoute yon pòs Responsab Dosye Entansif ane pwochèn. Nouvo fonksyon sa a pral pèmèt yo bay rezidan yo sipò pratik, konplè ak pèmanan, pandan y ap rankontre ak yo sou teren an oswa lakay yo. Epiou Responsab Dosye Entansif yo pral sèvi antanke yon pwen kontak santrak pou moun Depatman Sèvis Enspeksyon (nspectional Services Department, ISD) pral refere yo, kolabore ansanm ak ISD pou abòde plent, bezwen ak preyokipasyon lokatè yo genyen yo. Kolaborasyon sa a pèmèt jesyon imobilye a reponn ak obligasyon ISD yo pou satisfè ni ISD ak lokatè a.

Èske ou genyen yon kesyon konsènan lojman?

Èske ou vle jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite lojman sosyal pou lwe yo?

Èske ou bezwen èd pou dekouvri pwogram asistans finansye pou lojman?

Ekip "Housed in Cambridge" kapab ede ou. Rele nan 617-349-6337 oswa vizite Cambridgema.gov/HousedInCambridge.



Nan kolaborasyon ak Komisyon Dwa Delòm (CHRC), manm OHL lan elabore yon Plan Entèkansyon Rapid pou Nouvo Moun yo. Plan sa a, aktyèlman se yon gwoup travay plizyè depatman k ap finalize li, gen pou objektif pou etabli pwosedi ak pwotokòl pou kowòdone entèkansyon ak sityasyon nan ka ijans alavni yo. Depi nan baz yo kreye plan an pou resevwa nouvo gwoup moun yo pa te konnen k ap vini yo, li ta dwe sèvi antanke yon modèl reloje moun ki demenaje akòz plizyè sityasyon ijans oswa katastwòf.

Angajman Biwo Kowòdinasyon Lojman an se pou ofri yon èd endividyèl ak yon repons rapid nan ka ijans ki montre volonte Cambridge pou garanti enstabilite lojman pou tout rezidan yo. Pandan y ap abòde pwoblèm lokatè yo, vyolasyon kontra lwaye yo, ansanm ak pwoblèm malpwòpte ak netwayaj, Meri a kreye yon anvivonman favorab kote rezidan yo kapab evolye ak simonte difikilte ki gen rapò ak lojman yo.

Èske ou te konnen?



Pandan ane k ap vini a Meri Cambridge lan angaje li pou bay \$281 milyon antanke finansman global:

- **Lojman Bon Mache & Sanzabri**
- **Anfans ak Adolesans**
- **Dirabilite**
- **Plan Aksyon Vision Zero ak Sekirite Sikilasyon**
- **Antirasis, Egalite, ak Entegrasyon**

Finansman sa a pèmèt ogmante resous lajan pou gwo pwojè enfastriki ki gen rapò ak Òdonans Sekirite Siklis yo epi ogmante resous pou ansèyman inivèsèl kindergarten, sanzabri, ak inisyativ sou klima.

Ou ka konsilte bilten CityView sa a anliy sou Cambridgema.gov/digital.

Inisyativ Devlopman Dirab Cambridge: Lite kont Chanjman Klimatik epi Ranfòse Kapasite



Rezistans lan

Tandiske planèt lan ap konfwonte ak konsekans k ap grandi sou chanjman klima a, Vil Cambridge lan te pozisyon an nan lidè nan kesyon devlopman dirab. Nou rekonèt nesosite ijan pou redui emisyon gaz ki lakòz efè tèmik epi pwoteje kominote ki frajil yo, Vil la te aplike yon seri pwogram ak pwojè konplè pou lite kont chanjman klimatik epi ranfòse rezistans. Apati tranzisyon nan sous enèji pwòp, san gaz pou envesti nan enèji renouvlab ak enfrastruktir vèt, Cambridge ap prepare wout la pou yon avni dirab ak fleksib.



Objektif Net Zewo: Retire Kabòn sou Bildin yo

Bilding yo se pi gwo sous emisyon emisyon gaz vèt nan Cambridge. Meri debloke \$18.4 milyon pou reyalizasyon objektif global "Climate Net Zero", ki gen diminyon emisyon bilding.

Yon pati nan finansman sa yo pral sipòte diminyon emisyon kabòn nan bilding minisipal yo ak rèz la pral sipòte pwopriyetè yo pou redui emisyon kabòn bilding yo atravè yon pwogram asistans teknik. Pandan yo ap adopte egzijans pèfòmans enèji pou gwo bilding epi bay pwopriyetè bilding yo resous pou redui emisyon GHG, Cambridge vize pou kreye yon fondasyon pou tout bilding adapte yo ak yon klima k ap chanje.

Inisyativ Kominotè, Motè Chanjman

Cambridge enplike kominote li a anpil atravè plizyè pwogram ak patenarya. Pwogram "Elektrisite Kominotè Cambridge (Cambridge Community Electricity, CCE) ofri kontribyab yo yon opsyon enèji renouvlab a pri estab, k ap kontribye ak gwo ekonomi epi pwodiksyon enèji pwòp. Gras ak Alyans Enèji Cambridge (Cambridge Energy Alliance, CEA), rezidan ak mèt ti biznis genyen aksè ak pwogram konplè nan kesyon efikasite enèji ak enèji renouvlab. Inisyativ orijinal CEA yo, tankou oryantasyon teknik ak sipò finansye pou diminye kabòn sou bilding ki gen plizyè fanmi yo, ankouraje moun yo pou yo kontribye nan objektif devlopman dirab Vil lan genyen yo.



Depi 2017, Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge lan te fè kontribyab yo ekonomize plis pase \$45 milyon.

Ranfòse kapasite Rezistans Klima a

Anplis pou redui emisyon, Cambridge rekonèt enpòtans pou li ranfòse kapasite rezistans klima a. Pandan l ap debloke \$47 milyon pandan ane pwochen, Meri a pral konsantre sou pwojè enfrastruktir enpòtan tankou amelyorasyon twou rego ak sistèm evakyasyon dlo lapli. Etandone frajilite istorik Cambridge nan kesyon inondasyon, envestisman nan estrikti anba tè enpòtan pou pwoteje kominote a kont gwo fenomèn metewolojik yo. Pandan n ap ranfòse tèt kay yo epi amelyore sistèm drenaj yo, Meri a asire li pare pou fè fas ak difikilte klima yo.



Finansman enpòtan an pral sipòte konstriksyon yon sistèm pou kenbe dlo lapli ki gen yon kapasite 1.25 milyon galon ak yon basen 100.000 galon nan Tobin Montessori ak Vassal Lane Upper School Complex. Photo Rendering courtesy of Perkins Eastman.

Metòd Transpò Ekolojik pou yon Avni Dirab

Rekonèt wòl sèvis transpò nan emisyon kabòn yo, Cambridge pran angajman pou li rann sistèm transpò li genyen yo ekolojik. Meri a gen plan pou elaji sistèm bisiklèt piblik Bluebikes epi lanse bisiklèt elektrik pou ankouraje mobilite dirab. Amelyorasyon aksè nan sèvis transpò, tankou enfòmasyon an tan reyèl orè ki prevwa yo ak amelyorasyon estasyon bis yo, ki gen pou objektif ogmante efikasite ak fiyabilite sèvis transpò piblik lan. Anplis, inisyativ pou devlope enfrastrikti pou rechaje machin elektrik (electric vehicle, EV) yo epi ankouraje adopsyon EV ki ankou yo, sa ki garanti opsyon mobilite yo tout rezidan yo gen aksè ak yo.

Konstui Enfrastrikti ki Rezistan

Cambridge rekonèt nesosite ijan ki gen pou adapte enfrastrikti li pou reziste ak enpak chanjman klima a genyen yo. Gwo envestisman nan enfrastrikti k ap reziste ak inondasyon, tankou sistèm rekiperasyon dlo lapli ak basen pou kenbe dlo lapli, enpòtan pou limite inondasyon ak pwoteje kalite dlo a. Pandan y ap entegre enfrastrikti ekolojik nan pwojè rekonstriksyon lari ansanm ak espas piblik yo, Meri a ogmante avantaj ki lye ak rediksyon inondasyon an ansanm filtrasyon dlo an, pandan l ap kontribye ak yon espas minisipal ki plis dirab ak plis rezistan.



Nan mwa mas, Meri a te selebre 5 lane resiklaj fatra. Depi 2018, rezidan Cambridge yo te evite jete plis pase 6,500 tòn fatra alimantè nan poubèl.

Metòd Zewo Fatra pou yon Avni Dirab

Meri Cambridge lan konprann li enpòtan pou redui kantite fatra ki ale nan dechaj yo pou atenn objektif klimatik li genyen yo. Nan kad Plan Devlopman Zewo Fatra, Meri a te kreye yon estrateji global pou redui fatra, ranfòse efikasite fonksyonman, epi analize enpak ki gen sou emisyon gaz ekolojik yo. Avèk yon finansman \$7.6 milyon nan Ane Fiskal 2024 lan Cambridge gen objektif pou li kontinye ak pwogram resiklaj solid li an, ogmante jefò pou resikle ak ankouraje metòd jesyon fatra ki responsab pami rezidan ak konpayi yo.

Konsève Nati a gras ak Forè Minisipal yo

Cambridge angaje li pou li konsève ak devlope forè minisipal li genyen yo atravè Plan Jesyon Forè Iben (Urban Forest Master Plan, UFMP) li genyen an. Avèk yon finansman \$4.1 milyon dola nan Ane Fiskal 2024 lan, meri a genyen pou objektif pou ranfòse patrimwàn pyebwa li genyen yo epi ankouraje plizyè avantaj forè iben yo.

Nan kad UFMP, Depatman Travo Piblik Meri a te reyisi plante plis pase 1,000 pyebwa pa ane. Sou baz reyalyasyon sa a, Cambridge planifye plante 1,200 pyebwa ane pwochèn. Nouvo pyebwa sa yo pa sèlman la pou rann Vil lan bèl men pral yo pral bay sèvis ekosistèm (frechè) ki enpòtan tou.



Estasyon pou Chaje Machin Elektrik ki nan 29 Tudor Street.

Anplis, Cambridge te adopte konsèp orijinal mikwo forè Miyawaki. An kolaborasyon ansanm ak "Biodiversity for a Livable Climate", Meri a te kreye yon dezèm mikwo forè nan Pak Greene-Rose. Mikwo forè yo kontribye pou redui fenomèn rechofman iben an, sipòte byodivèsite, konbat inodasyon ak ewozyon, epi absòbe kabòn lan. Pandan l ap entegre nati a nan peyizaj iben an, Cambridge ap travay san kanpe pou kreye yon anvivonman ki gen sekirite epi ki plis dirab pou tout rezidan yo.

Inisyativ devlopman dirab Cambridge reprezante yon metòd global epi prevwayan ki pou lite kont chanjman klima epi kreye yon rezistans. Pandan y ap envesti nan redui emisyon kabòn nan bilding yo, ranfòse rezistans klima, ankouraje sèvis transpò ekolojik, epi entegre estrateji zewo fatra, Meri a ap fè gwo pwogrè pou yon avni dirab.

Pandan l ap angaje kominote a san kanpe epi apiye sou patenarya, Cambridge garanti rezidan ak konpayi yo genyen resous ak sipò yo bezwen pou kontribye ak jefò sa yo. Anplis, konsèvasyon ak kreyasyon forè iben yo temwanyen sou angajman Meri a pran an favè nati a epi kantite avantaj li pote.

Etdone Cambridge kontinye aplike inisyativ devlopman dirab li yo, sa sèvi antanke yon modèl pou lòt vil yo, ki demontre li enpòtan ak posib pou pran mezi pou lite kont chanjman klimatik lan. Gras ak yon devouman epi kolaborasyon pèmanan, Cambridge louvri vwa pou yon avni ekolojik, plis rezistan ak dirab pou tout moun.



Yon forè an sante se yon eleman enpòtan pou gen yon vil ekolojik. Nou tout genyen responsabilite pou pran swen forè iben nou an.

Nivo (Echèl): Jefò Cambridge pou Elaji Aksè ak Pwogram Preskolè epi Aprè Lekòl

Meri Cambridge lan ap pran gwo mezi pou amelyore edikasyon jèn timoun yo ak akèy timoun aprè lekòl. Cambridge Office of Early Childhood (OEC) se premye ki devlope matènèl inivèsèl (universal preschool, UPK) atravè Pwogram Preskolè Cambridge lan, ki pral ofri lekòl matènèl gratis lajounen, ak ane akademik pou tout timoun 4 lane ki nan Cambridge ansanm ak kèk timoun ki gen 3 lane ki gen bezwen espesifik. Pwogram Preskolè Cambridge lan pral ede fanmi yo jwenn



Pwofesè ak elèv yo patisipe nan yon aktivite dekouvèt yon Antrenè OEC ap gide. Foto: Isis Arnesen-Pardo.

enfòmasyon sou chwa lekòl matènèl yo, aplike ak oryante nan yon lekòl matènèl pandan y ap itilize yon nouvo aplikasyon global, epi kòmanse pakou eskolè yo nan sezon otòn 2024 lan.

Devlopman Pwogram Preskolè nan Cambridge

Dirijan Meri a ansanm ak lekòl, menm jan ak yon gwo kategori aktè kominote a ansanm ak jenès lan, te kolabore ansanm ak OEC pou garanti aplikasyon efikas ak san pwoblèm Pwogram Preskolè Cambridge lan. OEC pran angajman pou li fè rechèch apwofondi ak kolekte done pou pran bonjan desizyon, tankou fè patenarya ak Harvard pou etidye fòs travay nan sektè jenès lan epi mennen ankèt sou kapasite fanmi yo genyen ak pwogram yo. Anplis, OEC ap fè patenarya ak Inivèsite Harvard, Inivèsite Lesley, ak Fakiltè Fisher pou devlope pakou devlopman pwofesyonèl pou pwofesè timoun piti epi kolabore pou ogmante kantite sant aprantisaj jenès la nan kominote a. Epiou biwo a te elaji aksè a pou benefisyè ed finansye pou resevwa yon edikasyon preskolè ki gen kalite.

Pou sipòte devlopman Pwogram Lekòl Matènèl Cambridge, Meri a te anboche yon Responsab Pwojè UPK ak plis pòs pou yo ajoute nan ekip OEC a pandan pwogram lan ap grandi. Nan fen ane fiskal 2024 la, fanmi ki gen timoun ki gen 4 lane ansanm ak timoun 3 lane yo ki elijib nan Cambridge pral gen yon (1) sèl pwen aksè pou jwenn enfòmasyon nan lekòl matènèl, epi yo pral kapab aplike pandan y ap itilize yon nouvo aplikasyon global.

Elaji Aksè ak Pwogram Andeyò Èdtan Lekòl ak Aprè Lekòl

Depatman Pwogram Sèvis Sosyal (Department of Human Service Programs, DHSP) rekonèt gwo wòl swen aprè lekòl lan jwe nan devlopman sosyal ak emosyonèl timoun yo epi nan bay sipò ak fanmi k ap travay yo. Pou sezon otòn 2023 an, DHSP pral ajoute 170 plas pandan l ap devlope 7 sant aktivite aprè lekòl. Epiou depatman an ap kolabore ansanm ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki gen nan

kominote Cambridge Out-of-School Time (OST) lan pou ogmante kantite plas ki disponib apati mwa septanm 2023. DHSP te fè yon tiraj pou fanmi yo aplike nan 3 pwogram aprè lekòl DHSP lan nan mwa me 2023 an, epi yo espere voye notifikasyon yo nan mwa jen an. Fanmi yo genyen opsyon pou yo enskri timoun yo ankò nan menm etablisman an pou garanti y ap kontinye swen.

Genyen yon gwo pwoblèm plas nan OST a pou sèvi tout timoun fanmi yo vle voye yo nan yon pwogram aprè lekòl. Kounye a, Meri Cambridge lan ofri 20 nan 27 pwogram aprè lekòl ki genyen yo pandan tout semèn lan pou timoun ki gen laj lekòl primè (klas JK-5) atravè 4 modèl pwogram: Childcare Afterschool, Community Schools, King Open Extended Day, ak Sant Jèn (Youth Centers). DHSP genyen 1,102 plas JK-5yèm ane, ak 195 lòt plas pou klas 6yèm-8yèm ane Sant Jèn yo ofri. Sèt (7) pwogram kominotè yo genyen 405 lòt plas. Ansanm, DHSP ak pwogram kominotè yo fè 42% elèv JK-5 Lekòl Piblik Cambridge yo jwenn pwogram aprè lekòl, sa ki depase mwayèn eta ak rejyonal yo.

Pandan lane 2021 an, DHSP te fè chanjman nan pwosesis aplikasyon li genyen an ki baze sou egalite, li te kreye yon sistèm tiraj ak frè ekolaj k ap bese ki baze sou revni fanmi a. Byenke depatman an te planifye pou elaji kapasite Lekòl Kominotè yo genyen pou depase 100 plas nan ane 2022 an, li pa te kapab fè sa akòz difikilte ak manm estaf yo kote se yon bès enpòtan nan kantite travayè gadri k ap antre oswa re-antre sou mache travay la ki lakòz sa.

Prepare Davans

Malgre difikilte ki genyen yo, Cambridge ap pran gwo mezi pou amelyore edikasyon jèn timoun yo ak akèy timoun aprè lekòl. Angajman Meri a pou elaji aksè a pou bay yon bonjan kalite pwogram preskolè ak aprè lekòl temwanyen devouman li pou sipòte byennèt fanmi yo ak timoun yo. DHSP pran angajman pou devlope yon plan 3 lane pou ogmante kantite plas pou pwogram aprè lekòl yo. Biwo Early Childhood Cambridge la detèmine pou kontinye travay pou li devlope travay li gen ki deja egziste ki reponn ak vizyon Pwogram Preskolè Cambridge la genyen, epi DHSP ap kontinye fè efò pou li elaji aksè nan aktivite OST. Inisyativ sa yo pral ede pou asire timoun Cambridge yo gen aksè ak resous yo bezwen pou yo reyisi.

Pwogram Fòmasyon pou Edikasyon Jèn Timoun

Èske ou enterese nan yon karyè pwofesyonèl antanke pwofesè edikasyon pou jèn?

Meri Cambridge lan ap rekrute patisipan pou lòt pwogram fòmasyon, k ap fèt nan mwa oktòb 2023 - me 2024.

Pwogram gratis lan genyen:

- **Fòmasyon anliy sou edikasyon jèn timoun**
- **Fòmasyon chak semèn pou sipòte travay anliy**
- **Estaj ki peye nan yon pwogram sètifye pou edikasyon jèn timoun nan Cambridge**
- **Antrènman pou genyen Tit Child Development Associate® (CDA)**
- **Èd ak planifikasyon karyè pwofesyonèl**

Delè pou aplikasyon an se Vandredi 30 jwi 2023.

Jwenn plis enfòmasyon sou cambridgema.gov/facemask

Priorite ak Sekirite Iben an: Yon Apwòch Global Ri Konplè nan Cambridge

Mache nan lari Cambridge kapab yon bagay difisil pou tout moun – pyeton, siklis, ak chofè machin. Sepandan, angajman Meri a kontinye pran an favè sekirite iben an dwe transfòme peyizaj lan pou tout moun. Se pa sèlman pou repare wout ki genyen pwoblèm oswa amelyore aksesibilite men se pou priorize sekirite nan entèseksyon ki gen danje yo tou.

Angajman nou an favè inisyativ "Vision Zero" an rete djanm. Misyon an klè: elimine aksidan sikilasyon k ap touye ansanm ak gwo blesi.

Ane pase a, Meri a te pran yon mezi enpòtan lè li te enstale vwa rapid pou bisiklèt ki apa nan sektè Mass Ave, Garden Street, ak Brattle Street. Deplwaman rapid vwa sa yo fèt pou bay siklis yo wout ki gen plis sekirite epi ki plis pwoteje nan vil la.

Nan fen ane sa a, Depatman Sikilasyon, Pakin, ak Transpò planifye pou li entèdi vire nan limyè wouj nan pifò entèseksyon ki gen nan Cambridge yo. Mezi sa a pral amelyore sekirite pyeton yo, siklis yo, ansanm ak chofè yo.

Lòt amelyorasyon sekirite nan lari nou yo gen ladan yo pou ajoute refij pou pyeton, elaji twotwa, sinyalizasyon pou bisiklèt, estasyon mobil pou bis, ak pano idantifikasyon vitès. Epitou n ap entegre plis sinyalizasyon pou pyeton ansanm ak limyè k ap flache ki aktive pandan pyeton yo ap travèse. Sistèm siyalizasyon itilizatè a kontwòle avèti chofè yo genyen pyeton k ap travèse oswa pral travèse lari a, ki rann pasaj nou yo genyen plis sekirite pou tout moun.

